

ABSTRAK

Jayanti Purwati. Ngalalisa Kamampuan Ngarengsekeun Masalah Matematis sareng Kapercayaan Diri Murid Sakola Manengah Ngalalui Model Diajar Dumasar Masalah

Panilitian ieu boga tujuan 1) kanggo nganalisa kamampuan ngarengsekeun masalah matematis murid sakola manengah ngalalui model diajar dumasar masalah, 2) kanggo nganalisa kapercayaan diri murid sakola manengah ngalalui model diajar dumasar masalah sareng 3) kanggo nganalisa hubungan kapercayaan diri sareng kamampuan ngarengsekeun masalah matematis murid di sakola manengah. Kamampuan ngarengsekeun masalah matematis sareng kapercayaan diri murid kagolong keneh kana kategori nu kurang. NCTM nyatakeun yen proses mikir matematis dina palajaran matematika ngawengku lima kompetensi dasar utami yaktos kamampuan ngarengsekeun masalah, kamampuan panalaran, kamampuan koneksi sareng kamampuan representasi. Kamampuan ngarengsekeun masalah matematis nyaeta kamampuan nu kagaduh ku murid kanggo ngarengsekeun hiji masalah dina diajar matematika, Kamentrian Pendidikan Nasional nunjukkeun yen murid nu migaduh kamampuan teh pikeun : ngarengsekeun masalah nu kalebetna kana kamampuan ngartos ka masalah, ngadamel model matematikana, ngalengkepan model sareng mere solusi nu dipikagaduh. Kurikulum 2013 revisi taun 2018 negeskeun yen unggal diajar di sakola teh tujuanna pikeun ningkatkeun kamampuan ngarengsekeun masalah (Peraturan Menteri Pendidikan sareng Kebudayaan Republik Indonesia Nomer 36 taun 2018). Saterasna kapercayaan diri nyaeta sikap percaya diri anu kedah dipibanda ku unggal murid pikeun ngahontal kasuksesan diajar. Janten, sanes ngan saukur aspek kognitif nu dipikagaduh ku unggal murid, aspek afektif oge keda dipikagaduh ku unggal murid. Panilitian ieu mangrupa panilitian kapustakaan. Ngalalisis data nu dipake dina panalungtikan ieu teh nyaeta induktif, sajarah sareng komparatif kalawan marios kana pustaka nu aya hubunganana Sareng tehnik ngumpulkeun data nu digunakeunnana dina panilitian ieu nyaeta ngedit, ngatur sareng mendakan. Hasil tina panilitian nu dicandak tina sababaraha pustaka anu aya hubunganana nunjukkeun yen ku model PBL ieu teh tiasa ningkatkeun kamampuan pikeun ngarengsekeun masalah matematis sareng kapercayaan diri murid, nanging henteu sadayana ningkat aya keneh oge anu tacan ningkat.

Kecap Kunci : Kamampuan Ngarengsekeun Masalah Matematis, Kapercayaan Diri, Model Diajar Dumasar Masalah